



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE INISYATIV SIVEYANS LÈ NAN TOUT ETA, KI SE PREMÈ NAN MODÈL SA NAN ETAZINI

Eta pral fè evalyasyon kalite lè ipèlokal nan kominote yo ki istorikman chaje ak polisyon, mennen estrateji adapte pou diminye polisyon atmosferik ak gaz a efè sèr ki lakoz chanjman klimatik

DEC pral akòde Sibvansyon pou Ranfòse Kapasite Siveyans Lè Kominotè pou Òganizasyon Jistis Anviwonmantal yo pou asire opinion ak patisipasyon lokal

Inisyativ la pral ede eta reyalize objektif klima anbisyè li a nan diminye emisyon pa 85% disi 2050 ak pwoteje sante piblik la

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a yon nouvo efò istorik pou kontwole kalite lè a nan kominote defavorize yo nan tout eta a epi sèvi ak done yo kolekte pou devlope estrateji pou diminye polisyon nan kominote sa yo, ki gen ladan gaz ki lakòz efè sèr ki kontribye nan chanjman klimatik la. Efò siveyans lè kominotè a nan tout eta a se pi gwo efò ke yo janm antreprann nan Etazini.

Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a ak avèk Otorite Devlopman Enèji ak Rechèch Eta New York la (New York State Energy and Research Development Authority, NYSERDA) pral sipèvize efò nan tout eta a, ki pral ede asire ke tout Nouyòkè yo benefisye de estrateji rediksyon gaz ki lakòz efè sèr a nan kad Lwa sou Lidèchip Klima ak sou Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) istorik li a. Anonse pandan Semèn Klimatik 2021 an, efò siveyans lè a sipòte objektif anbisyè New York la pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sèr a 85 pousan apati 2050.

"Kominote ki pi defavorize sou plan ekonomik nou yo tou te frape pi di pa efè danjere polisyon ak chanjman nan klima", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo inisyativ sa a, nou ap deplwaye dènye teknoloji modèn la pou egzaminen kalite lè a nan kominote yo toupatou nan Eta New York, epi travay avèk ekspè pou detèmine mechè solisyon pou diminye polisyon nan korije enjistis sa a ki deja twò chaje pou pati vilnerab yo nan eta nou an depi twò lontan."

An konsiltasyon avèk Gwoup Travay Jistis Klimatik ak lidè kominotè yo nan Eta a, DEC ak NYSERDA pral idantifye 10 zòn pou deplwaye teknoloji siveyans ipèlokal pou kolekte done kalite lè. Lokal yo ap gen ladan plizyè kominote defavorize alafwa nan

pati nò ak pati sid eta a. Siveyans lan pral gen ladan emisyon gaz ki lakòz efè sèr ak lòt ko-polyan ki afekte sante piblik la. An total, siveyans la pral bay yon foto konplè sou kalite lè nan kominote ki gen jiska senk milyon Nouyòkè. Rezilta efò siveyans sa a pral avanse direktiv Lwa Klima a pou diminye emisyon nan kominote ki afekte anpil pa polisyon nan lè a epi ede adrese enpak sou sante piblik akòz polisyon sa a, ki gen ladan pi gwo to maladi poumon, opresyon, maladi kè, ak lanmò prematire.

DEC pral sipèvize pwogram siveyans lè kominotè a, ki pral idantifye zòn ki gen pi gwo enpak kalite lè a epi ede Eta a pi byen sible aktivite alèjman yo, ki gen ladan yon pòsyon nan investisman san kabòn, nan zòn kote investisman sa yo pral bay pi gwo avantaj sante piblik ak klimatik. Siveyans la pral kolekte polisyon nan lè a ak mezi gaz ki lakòz efè sèr ki pwodwi enfòmasyon sou kalite lè ipèlokal pou minisipalite yo ak chèchè yo.

Komisè DEC la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos te deklare, "Efò siveyans sa a nan tout eta a baze sou siksè etid pandan plizyè ane sou kalite lè modèn DEC la nan South End Albany, ki idantifye ak avanse aksyon pou adrese polisyon lè nan zòn nan. Etid la te fèt ak egzekite an patenarya ak rezidan lokal yo ak sèvi kòm yon modèl inovan pou ki dwe repwodwi nan lòt kominote yo. Kominote ki defavorize yo souvan afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl kalite lè ki pòv paske pwoksimite yo ak izin elektrik yo, enfrastrikti transpò, pò, tèminal, ak lòt sous polisyon nan lè a. Jodi a, avèk lidèchip Gouvènè Hochul la, kominote yo nan tout eta a pral byento aprann plis sou kalite lè nan katye yo epi travay avèk nou pou devlope estrateji pou amelyore kalite lè pandan y ap koupe emisyon ki chanje klima yo epi travay pou atenn objektif klima anbisyè New York yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA ak Ko-Prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Doreen M. Harris, te deklare, "Twòp nan rezidan ki pi frajil New York yo te istorikman afekte twòp pa efè negatif polisyon nan lè a sou yon estil lavi ki an sante. Anba lidèchip Gouvènè Hochul la, nou ap tann ak enpasyans pou abòde pwoblèm enpòtan sa a tèt pa aplikasyon pwogram istorik sou siveyans kalite lè sa a kòm yon pati nan travay konplè nou yo nan konbat chanjman klima ak amelyore sante piblik la nan tout kominote yo toupatou nan eta a."

Elizabeth Yeampierre, ki se Direktis Egzekitif, UPROSE la, te deklare, "Pandan anpil jenerasyon, kominote nwa, mawon, ak sila yo ki gen revni fèb yo te akeyi enfrastrikti polyan ak emisyon toksik ki soti nan izin gaz fosil yo, otowout yo, dechè solid yo, ak kamyon dyezèl yo pou site sa yo sèlman - sa ki kreye yon eritaj disparite sante istorik. Sa ankouraje nou pou tandè ke ane lidèchip kominotè yo sou premye liy lan ki te adopte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a an 2019 reyalize kounye a nan anons Eta a jodi a. Pa gen okenn eskiz oswa altènatif pou investi ak travay ak kominote defavorize yo pou operasyonalize solisyon klima lokal yo ki pwofondman rasinen nan ekite."

Rahwa Ghirmatzion, ki se Direktis Egzekitif PUSH Buffalo, ak manm nan Gwoup Travay pou Jistis Klimatik la, te deklare, "Mwen kontan pou angajman Gouvènè

Kathy Hochul pou adrese kriz klima a atravè aplikasyon rapid Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a. Nouvèl jodi a pou elaji siveyans kalite lè a nan nivo katye a epi travay dirèkteman avèk òganizasyon lokal ki baze nan kominote a se sa lidè jistis anviwònmantral yo t ap defann pandan anpil ane."

Peggy Shepard, ki se Direktris Egzekitif WE ACT for Environmental Justice la, te deklare, "Etid yo montre ke efè polisyon nan lè a sou sante Nouyòkè yo ki ap viv nan kominote ki afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pa polisyon an kapab devastatè. Inisyativ siveyans lè sa a pral enpòtan pou bay done ipèlokal ki nesèsè pou redwi gaz ki lakòz efè sèr ak ko-polyan ki kontribye nan disparite sante nan kominote ki afekte yo. Sa se yon trè bon nouvèl ki soti nan men Gouvènè a."

Direktè Egzekitif Alyans Jistis Anviwònmantral Vil New York la (New York City Environmental Justice Alliance), Eddie Bautista, te deklare, "Kominote yo nan tout vil sa a ap soufri anpil ak opresyon ak lòt pwoblèm sante kwonik ak polisyon nan lè a ki kontribye nan disparite sosyal ak ekonomik ak afekte kapasite kolektif yo pou pwospere yon fason negatif. Nouvo inisyativ siveyans lè Gouvènè Hochul la ap dekonpoze detay sou kijan polisyon nan lè a afekte nou e li pral pèmèt nou jwenn yon solisyon ki pral amelyore klima nou yo ak egalman sa ki pi enpòtan, bati avni ki pi an sante pou moun ki ap viv nan zòn endistriyèl lou yo."

Direktè defans American Lung Association lan pou Eta New York, Trevor Summerfield, te deklare, "American Lung Association bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li pran mezi ki solid jodi a pou adrese bezwen Nouyòkè yo nan kominote defavorize yo toupatou nan eta ki pi afekte pa polisyon lè a. Senpleman, Nouyòkè yo pa ka mande chanjman ki nesèsè san yo pa konnen nivo ekspozisyon yo ak polisyon nan lè ki pa bon pou sante, e inisyativ sa a rebay kominote nou yo pouvwa sa. Lè li ale odela ak investi plis nan siveye kalite lè ke Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè mande a, Gouvènè Hochul ap montre lidèchip ki nesèsè pou asire ke tout Nouyòkè yo respire lè ki pwòp, epi ki an sante."

NYSERDA pral travay nan pwosesis Inisyativ Rejyonal Kont Gaz a Efè Sèr (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) yo pou asiye finansman nan efò pou Siveyans Lè Kominotè (Community Air Monitoring) a. Pou asire patisipasyon kominotè solid nan pwogram Siveyans Lè Kominotè a, Pwogram Jistis Anviwonmantal DEC la pral bay jiska 500,000 dola nan Sibvansyon pou Ranfòse Kapasite Siveyans Lè Kominotè pou amelyore kapasite gwoup travay kominotè sou tèren an nan zòn sa yo pou kontribye ak devlopman ak operasyon rezo siveyans kalite lè toupatou nan eta a. Kapasite ogmante gwoup kominotè yo pral pèmèt tou pi gwo kontribisyon nan idantifikasyon ak seleksyon investisman teknoloji san kabòn nan katye lokal pa yo. Pral gen lòt finansman k ap disponib nan bidjè ane pwochen lan pou sipòte angajman kominotè a nan estrateji rediksyon emisyon yo.

Sibvansyon pou Ranfòse Kapasite Siveyans Lè Kominotè yo pral jwenn sipò Fon pou Pwoteksyon Anviwonmantal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta a. EPF la grandi soti nan afektasyon orijinal li ki se 31 milyon dola nan ane fiskal 1994-1995 a

300 milyon dola. Bidjè Ane Fiskal 2022 yo adopte a soutni EPF a nan 300 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan. Apwopriyasyon yo gen ladan 40 milyon dola pou pwogram dechè solid yo, 90 milyon dola pou pak ak aktivite lwazi yo, 151 milyon dola pou pwogram anplennè yo, ak 19 milyon dola pou pwogram rediksyon ak adaptasyon chanjman klimatik la. Envestisman sa a pral bay finansman pou pwogram anviwònmantal enpòtan yo tankou acha teren, pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif jistis anviwònmantal.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)